

*The Kingdom of This World, Reimagined*

Curated by Lesley A. Wolff, PhD

Translated into Haitian Kreyol by Nadège Nau and Websder Corneille

*Reyimajine Wayòm Mond sa a*

Lesley A. Wolff, PhD se komisè ekspozisyon an

Entwodiksyon 1

Ekspozisyon sa prezante yon seri travay kontanporen ki jwenn enspirasyon yo nan liv mitolojik-istorik Alejo Carpentier a, *The Kingdom of this World*, oswa *Wayòm Mond sa a*, (ki pibliye pou premye fwa an 1949). Travay sa yo rakonte Revolisyon ayisyèn nan ak enpak pwofon li gen sou nasyon ki t ap èmèje a. Premye ekspozisyon an te fèt Ti Ayiti, nan Miyami, nan okazyon swasanndizyèm anivèsè liv la kote plizyè atis entènasyonal ki gen lyen ak Karayib la, te salye inovasyon lakay Carpentier nan fason li rakonte yon seri evènman estwòdinè, tankou mouvman pou liberasyon nwa yo, batay yo t ap mennen epi espirityalite yo nan peryòd pòskolonyal la.

Entwodiksyon 2

Premye eszpozisyon *Reyimajine Wayòm Mond sa a* te fèt an 2019 pou komemore swasanndizyèm anivèsè woman selèb ekriven kiben an, Alejo Carpentier. Woman sa rele *The Kingdom of This World* (1949; *Wayòm monn sa a*). Liv la fè yon rale estwòdinè sou Revolisyon ayisyèn nan (1791–1804), yon gwo soulèvman esklav ak milat yo te fè pou fè tèritwa Sen Domeng Lafrans te kolonize a tounen nasyon lib ki rele Ayiti a.

Onz atis ki nan ekspozisyon an prezante travay ki reflete jan Carpentier te rakonte istwa pwofon Ayiti a atravè jan literè ki rele *reyèl mèvèye a*. Nan pwològ liv la, Carpentier di: “Ki istwa Amerik yo, si se pa yon kwonik *reyèl mèvèye?*” Pou Carpentier, eritaj kolektif kontinan an se mèvèye a, menmsi nou vle kache sa. Mèvèye a raple n twomatis pèp ayisyen an ak nan rès kontinan an, ansanm ak gwo efò sa te mande pou reziste epi simonte enjistis, inegalite ak baboukèt.

Nan ekspozisyon sa a, atis yo itilize diskou Carpentier a kòm dispozitif pou konprann kijan istwa alafwa mèvèye e difisil Ayiti a afime tèt li nan epòk kontanporen an. Pandan y ap kesyone rapò ant istwa ak mitoloji, atis sa yo ansanm ak Carpentier, fè nou sispann wè Karayib la tankou yon ti paradi men kòm nwayo revolisyón mondyal la.

## Alejo Carpentier

Alejo Carpentier y Valmont fèt Lausanne, an Swis, nan dat 26 desanm 1904. Li mouri Pari, Lafrans, 24 avril 1980. Se te yon savan kiben, womansye, otè dramatik, kritik, esevis e mizikològ. Travay li yo fè gwo enpak nan literati an Amerik nan ventyèm syèk la. Travay ki gen pi gwo renome pamí tout pwodiksyon l yo se woman *The Kingdom of This World*, oswa *Wayòm Mond sa a.* Nan liv sa a, menm jan ak nan tout lòt aktivite entèlektyèl, nenpòt moun kapab remake chèche oriigin se denominatè komen an.

Pou yon emigre ki fèt an Swis, ki grandi Kiba, epi pita k al pran refij nan zòn tankou Lafrans ak Venezyela, lavi pyepoudre Carpentier a fè l ka entèwoje wòl tèt ansanm nan atizay ak politik. Kit se fiksyon, jounalis, oswa etnografi, travay Carpentier yo abòde migrasyon, metisaj, egzil, ak reparasyon nan linèt istwa Karayib la ak fason li enspire lòt revolisyon yo – eko moman estwòdinè ki pote chanjman sa yo dire lontan paske yo se tras yon istwa k ap kontinye aji sou prezan e fiti.

Carpentier pase dènye ane lavi li yo Pari. Lè l mouri an 1980, atravè yon omaj pou lavi transatlantik ekriven li t ap mennen an, kò Carpentier te transpòte Kiba pou antèman.

## Wayòm Mond sa a

Liv Alejo Carpentier ki pi renome a, *The Kingdom of This World (Wayòm Mond sa a)* (*ki te pibliye pou premye fwa sou non El reino de este mundo* an 1949), se yon fiksyon istorik ki rakonte evènman ki lye ak Revolisyon ayisyèn nan (c. 1791–1804).

*Wayòm Mond sa a* swiv eprèv ak tribilasyon Ti Noël, yon esklav travayè nan yon chan kann nan koloni Sandomeng. Mouvman ki pral abouti ak Revolisyon an te deklanche apre Makandal, zanmi Ti Noël, fin pèdi bra li nan yon aksidan vyolan nan yon moulen sik. Sa ki t ap al fè 1 kite plantasyon an. Pandan epòk boulvèsman ak chanjman sa a, Ti Noël goumen pou l jwenn yon plas pou tèt li kòm yon nonm lib sou yon zile kote li te yon esklav. Vwayaj Ti Noël la ap dewoule an menm tan ak evènman istorik anvan, pandan e aprè Revolisyon ayisyèn nan. Carpentier entegre nan resi mèvèye a tout transfòmasyon espirityèl ak fizik Ti Noël konnen pandan peryòd la. Fason Carpentier èntèprete Revolisyon ayisyèn nan swiv yon liy alafwa konplèks e rich ant peryòd transfòmasyon politik inik sila a ak batay san kanpe e inivèsèl pou libète, sosyete ak jitís tout tan gen tan.

*Wayòm Mond sa a* te atire atansyon kritik yo epi te sikile toupatou depi premye piblikasyon li nan lang Panyòl an 1949. Bò kote plizyè edisyon *Wayòm Mond sa a* se yon kopi premye edisyon etid istorik CLR James sou Revolisyon Ayisyèn nan, Jakobin Nwa yo: Toussaint L’Ouverture ak Revolisyon Sandomeng lan. Kritik yo te bat bravo pou liv CLR James nan. Liv enfliyan sa ki pibliye anviwon yon deseni anvan woman Carpentier a, te prepare teren an pou tèks Carpentier a atravè selebrasyon revolisyón ekstwòdinè e san parèy esklav koloni Sandomeng yo kòm yon akonplisman “pwoletarya modèn” kont opresyon sosyetal la.

### Individual Labels with Extended Text

Dudley Alexis

*Ancestral Hymns / Kantik ansestral*

Teknik miks

2019

Koutwazi atis la

Siy ki nan sant lan fè referans ak divinite Vodou Papa Legba, gadyen pòtay ak gadyen kafou a.

Fòs Papa Legba manifeste nan travay Alexis a kòm yon seri frekans ond sonò —yon fòs fizik envizib men reyèl, fòs fizik ki mete an valè fòmasyon atis la nan fim ak animasyon.

Vizyalizasyon sonò Alexis a tou ilistre apèl lanbi a nan lane 1791, ki pou te anonse revolisyonè yo soulèvman an te kòmanse.

Dudley Alexis

*Maternal Vitality / Vitalite matènèl*

Teknik miks

2019

Koutwazi atis la

Ensiy ki nan pati anba konpozisyon sa a fè referans ak fanm Vodou deyès Erzulie Dantó.

Asosyasyon li ak nesans, matènité ak kominote a siyifi pouvwa mòtèl ak sakrifis fanm Nwa yo te fè pandan epòk revolisyonè a—yon kontribisyón vital ki, pou Alexis, pa etidye ase nan istwa Ayisyen an.

Dudley Alexis

*Ancestral Sacrifices / Sakrifis zansèt*

Teknik miks

2019

Koutwazi atis la

Vèvè oswa senbòl Vodou Erzulie Dantò a, sòlda vanyan ak pwotektè ki prezan nan Vitalite Matènèl la, parèt nan zèv sa a k ap flote nan mitan yon lanmè wouj. Daprè Alexis, koulè net sa fè referans alfwa ak lanmou matènèl deyès Vodou a epi sakrifis rityèl san kochon sovaj la pandan seremoni vodou Bois Caïman (Bwa Kayiman) 14 dawou 1791 lan. Se te pandan seremoni enpòtan sa esklav travayè ki soti toupatou nan Nò Sen Domeng yo, te mare konplò pou koupe fache ak plantokrasi a —grenn rezireksyon ki t ap al donnen Revolisyon an. Nan wonn pi ba a, gen plizyè men ki kenbe kochon ki sakrifye a, se yon siy tèt ansanm, pwoteksyon ak rezon.

Dudley Alexis

Ekstrè Libète nan yon soup

videyo monokanal (3:30, son); dire fim nan (1:08:00) 2015

Koutwazi atis la

Chesley Antoinette

*Moi égal à toi (free like you) / Mwen egal ak ou (lib tankou w)*

Enpresyon dijital sou saten ak fil koton pou bwode

2021

Koutwazi atis la

Chesley Antoinette

*Saint Domingue / Sendomeng*

Enpresyon dijital sou saten ak teknik miks

2021

Koutwazi atis la

Travay *chiyon* Antoinette la ak medyòm eskilti soup la atire atansyon sou politik cheve ak tekstil nan epòk kolonyal la an Amerik. *Chiyon* se yon mouchwa kreyòl fanm Afwodesandan yo nan Karayib Panyòl ak Fransè ak Sid Etazini te konn pote. Referans ak digo, sik, koton e kafe, kèk nan pwodui plantasyon fransè a ki te pi chè, dekore gwo mouchwa *chiyon* Antoinette yo. Bwodri sou saten ki pandye dèyè *chiyon* an gen pasaj ki fè referans ak Deklarasyon sou Dwa Moun ak Sitwayen 1789 la, ki garanti dwa fransè yo pou “libète, pwopriyete, sekirite ak rezistans kont opresyon.” Deklarasyon pou libète sa a elimine eksplwatasyon ak esklavaj moun te kontinye ap sibi nan koloni fransè yo. “Rezistans yo kont opresyon” an pa yon dwa yo bay, men yon nesesite pou kontinye egziste.

José Bedia

Wayom Lemond (Wayòm Mond sa a)

Teknik miks sou papye amate ak chèz, fwèt, ak pakèt kongo

2021

Koutwazi koleksyon prive

Konpozisyon enpòtan sa a santre sou pèsonaj Makandal — lidè mawon an ki te fòje premye leve kanpe ki te pral abouti ak Revolisyon ayisyèn nan. Bedia dekri Makandal sou plizyè fasèt, moun ak zonbi, jan sa ye nan kilti ayisyèn nan ak nan woman Carpentier a. Men Makandal ki manke a plase nan kwen anlè adwat nan konpozisyon an, yon rapèl aksidan moulen sik ki koupe bra li a. Pou Bedia, manm fantom Makandal la siyifi pouvwa transandantal li. Lè Makandal sakrifye yon pati nan kò li, li oblige jwenn nouvo fason sibvèsif pou deplase atravè mond lan. Nan sant lan, yon gwo kwa senbolize divinite Vodou yo rele Papa Gede a, ki sipèvize fòs lanmò, transfòmasyon, ak renesans ki prezan nan tout konpozisyon an.

Edouard Duval-Carrié

*The Kingdom of This World Series / Seri Wayòm Mond sa a*

Imaj ankadre sou pleksiglas

2017

Koutwazi atis la

Nan katòz imaj sa yo, Duval-Carrié prezante yon seri sèn ki sòti dirèkteman nan *Wayòm Mond sa a*. Sèn yo dewoule nan yon fason naratif ki se yon fenèt imajinè sou mond woman an epi ane enpòtan pou Revolisyon ayisyèn nan Nan lè nasyon ki te emèje t ap chèche retire tèt li anba dominasyon kolonyal fransè a. Duval-Carrié sèvi ak dekorasyon wokoko fransè disetyèm syèk la pou atire atansyon sou koneksyon ki genyen ant richès epòk kolonyal la, trafik moun, ak esklavaj. Chak plak plèksiglas kreye ilizyon yon gwo twou san fon e imaj k ap “flore” ladan yo montre lanmè danjere a alafwa kòm ajan vyolan e zansèt kreyatè istwa Karayib la.

Edouard Duval-Carrié

*The Kingdom of This World / Wayòm monn Sa a*

Liv atis, edisyon limite 10 seri bwat 14 serigraf, Artist Proof Studio, Johannesburg, Afrik disid 2019

Koutwazi atis la

Pandan yon rezidans 2019 ak Artist Proof Studio nan Johannesburg, Afrik disid, Duval-Carrié te transfòme imaj ki grave sou plak sou miray devan an imaj enprime. Pòtfolyo sa a vin sanble ak yon liv ki montre yon relasyon vrèman senbyotik ant imaj li yo ak tèks Carpentier a. Atravè aksyon sa a Duval-Carrié mete aksan sou pwosesis migratwa pou tradwi mo Carpentier yo an imaj e imaj yo sou yon lòt fòm dispozitif.

Edouard Duval-Carrié

Ti Noël nan Sans Souci

Teknik miks sou aliminyòm nan ankadreman atis 2018

Koutwazi atis la

Edouard Duval-Carrié

*La Fin de Ti Noël / Dènye won Ti Noël*

Teknik miks sou aliminyòm nan ankadreman atis 2018

Koutwazi atis la

Scherezade Garcia

*Utopian Dreams from this side of the Atlantic II / Rèv itopik nan bò sa a nan Atlantik II*

Achiv kolaj lank sou papye

2018

Koutwazi atis Praxis, Nouyòk

Menm jan ak Carpentier, Garcia considere tèt li kòm yon moun ki rakonte istwa. Travay Garcia yo se yon detounman naratif Oksidental yo ak istwa vizyèl yo, pou ranplase nosyon konvansyonèl imaj paradi Karayib yo ak istwa politik konplèks reyon an. Nan pè kolaj sa a, fòm yo depase limit ankadreman an—li menm ki se yon senp ilizyon enprime—nan fason ki twonpe atant nou de imaj eskriftiral ak atmosfè Karayib la. Koulè twopikal yo, vag toubiyon yo ak pye palmis yo fè yon sèl ak figi revolisyonè nwa yo ki dekore ak rad ewopeyen ak fòm sijesyon kaligrafi ki raple eritaj mondyal Karayib yo.

Scherezade Garcia

*Utopian Dreams from this side of the Atlantic I / Rèv itopik nan bò sa a nan Atlantik I*

Achiv kolaj lank sou papye

2018

Koutwazi koleksyon prive

Scherezade Garcia

*Caribbean Dream / Rèv Karayib la*

Teknik miks sou twal

2019

Koutwazi Praxis, Nouyòk

Sergio Ramon Garcia

*Dos cabezas / Two Heads / De tèt*

Teknik miks sou twal

2020

Koutwazi Koleksyon Rodriguez

Travay García a enspire de sén ouvèti *Wayòm mond sa a*, kote nou rankontre Ti Noël k ap reflechi sou prezans etranj kat boul tèt lasi devan boutik kwafè kote mèt li a, M. Lenormand de Mezy, t ap fè cheve a. Sèn nan prefigire gwo batay pou liberasyon k ap vini an. García dekouvri Wayòm Mond sa a pou premye fwa lè yon jèn atis, e vizyon A fwokarayibeyen zèv la sou liberasyon Nwa a kontinye klewonnen nan li plizyè deseni apre. Nan travay sa a, García vizyalize boul tèt lasi san lavi sa yo pandan l ap anime yo ak senbolis ki soti nan sistèm kwayans A fwokarayib yo tankou Santería.

Jose Garcia Cordero

*Study for Bust of Makandal / Etid pou bout tèt Makandal*

Akrilik sou twal

2021

Koutwazi galri Lyle Reitzel

Jose Garcia Cordero

*Makandal Transforming into Butterflies / Makandal Transfòme An Papiyon*

Akrilik sou twal

2021

Koutwazi galri Lyle Reitzel

Simryn Gill

*Pearls: Alejo Carpentier, The Kingdom of This World, translated by Harriet de Onis. 1975 (reprint 1980) Harmondsworth, Penguin / Kolye pèl: Alejo Carpentier, Wayòm Mond sa a, tradwi pa Harriet de Onis. 1975 (reyenprime an 1980) Harmondsworth, Penguin papye, lakòl, fisèl*

2019

Koutwazi Leah Gordon

Yon pati nan seri travay atis la ap devlope rele Kolye pèl (2000-). Kolye pèl sa a reprezante pèfòmans nan echanj kado. Atis Leah Gordon, ki gen travay li ki prezante nan eksposizyon sa a, te fè Gill kado *Wayòm Mond sa a*. Gill remèt li apre yon kolye ki fèt ak paj liv la. Zak transfòmasyon sa remete an kesyon nosyon konvansyonèl tankou valè, otantisite ak otorite, yon seri konsèp ki reflete tèm revolisyon ak kolaborasyon pouvwa nan liv Carpentier a. Tankou yon alchimis, Gill chanje valè inisyal objè a. Soti nan yon tèks enpòtan rive nan novo siyifikasyon li kòm yon machandiz yo dwe mete, siyifikasyon mo yo chanje e pèsepsyon valè kolye a diminye.

Leah Gordon

*Wayòm nan Mond sa a: Vagabondaj Mawon (Kingdom of This World: Maroon Vagabondage) / Wayòm Mond sa a: Vagabon Mawon (Wayòm Mond sa a: Vagabon Mawon)*

Enpresyon fotografik ki gen baz fib nan fòma negatif mwayen nwa e blan, brikolaj, nimerize epi enprime kòm giclee pou mete sou aliminyòm dibond.

2019

Koutwazi atis la

Nan triptik monimantal sa a, Gordon reyimajine foto anprent Britanik yo nan epòk Revolisyon Ayisyèn nan. Lè 1 ap fè sa, li kritike eksplwatasyon kapital modèn nan te pote. Sant lan, yo referans ak Ewòp e bote li ki fane depi lontan, apiye sou Afrik ak Amerik yo. Yon kòmantè sibvèsis sou danje kolonyalis yo ki te parèt premye fwa nan imaj dizuityèm syèk William Blake la. Mesye ki bo kot panèl santral la fè referans ak vagabon istorik Joseph Johnson ki te defile sou waf Lond nan disneyèm syèk la. Gordon transpòte “vagabon” sa yo soti sou waf yo rive sou fò wa Henri Christophe la, Sitadèl Laferriere (agog), e sit Welsh ironworks Blaenavon nan (adwat).

Leah Gordon

Sitadèl la I Yon Ante

Dire 8mm (3:08; son)

pèfòmans Jean Claude Saintilus, mizik ak anregistreman yon mizisyen anonim sou chimen Sitadèl Laferriere 2019

Koutwazi atis la

Roberto Juárez

*Corner / Kwen*

Kolaj sou bwa ak akrilik

2019

Koutwazi atis la

Roberto Juárez  
*First Vulture* / Premye predatè  
Kolaj sou bwa ak akrilik  
2019  
Koutwazi atis la

Roberto Juárez  
*French Passage* / Pasaj fransè  
Teknik miks sou twal  
2019  
Koutwazi atis la  
Lide yon sans de kote toujou nan preznan pa kenbe pou penti. Penti a pa yon pwosesis lineyè, li otan gen kouch menm jan ak anpil kote mwen gentan vizite.

-Roberto Juarez

Roberto Juárez  
*Vulture Clock* / Revèy predatè  
Akrilik ak kreyon koulè sou twal  
2019  
Koutwazi atis la  
Travay Juarez pwodui an 1980 an ki lye ak *Wayòm Mond sa a* ap preznan nan eksposizyon sa. Travay sa ilistre yon edisyon limite liv la. Twa deseni aprè, Juarez retounen sou tèks Carpentier a pou pwodui yon nouvo seri penti ak etid ki montre menm eleman tematik yo sou diferan tèm estalistik. Predatè yo ki parèt nan travay sa yo fè sonje dènye liy *Wayòm Mond sa a*, kote Carpentier sigiere predatè a—yon senbòl lanmò ak renesans—ka te sèl temwen lè Ti Noël te kite kò mòtèl li.

*Wayòm Mond sa a* de Alejo Carpentier ak plak Roberto Juárez e tradiksyon de Harriet de Onis.  
enprime pa Peter Pettengill ak Wingate Studio  
pibliye pa Limited Editions Club  
Liv tipografi ak imaj  
1987  
Koutwazi Michael Carrasco ak Laura Lee

Roberto Juarez  
Pòtfolio ilistrasyon pou Wayòm Mond sa a de Alejo Carpentier  
Enprime pa Peter Pettengill ak Wingate Studio  
Pibliye pa Limited Editions Club  
Enprime/Grave sou papye  
1987  
Koutwazi Clayton C. Kirking ak Edward J. Sullivan

Maggie Steber

*Haitian Boy (Ti Noël as Ti jou d'lan) / Ti Gason Ayisyen (Ti Noël kòm Ti jou d'lan)*

Enprimri dijital

2019

Koutwazi atis la

Pòtrè kaptivan sa a de yon ti jèn gason ayisyen ki avvelope ak twal blan kenbe atansyon sou laj tandrès kote yo te anlve Ti Noël nan peyi l an Afrik e mennen l nan koloni Sandomeng kòm esklav. Steber manipile e estilize imaj kontanporen an pou l parèt pi vye nan jan ti jèn gason an ap fennen nan je nou. Nan mitan yon nyaj blan, ti gason an parèt inosan e san peche, men konfyans ki gen nan fason l ap gade se senbòl matirite ki depase laj li. Lèn blan ki avvelope kò li a raple tradisyon ti jou d'lan an, kote yon pakèt timoun ayisyen ki abiye ak pi bèl rad yo pou akeyi Nouvèl Ane a - Jou Endepandans Ayiti — pou swete moun yo renmen nan kominote a larezonnen [Bèn Ane].